


Chè Paran/Responsab Legal Molly,

Rapò sa a se yon rezime pèfomans Molly nan Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) anndan Pwogram Egzamen Eta Nouyòk li te pran nan prentan 2021. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan pitit ou te konpoze; **men, nòt sa a pa montre tout sa Molly konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezilta Egzamen ELA ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane jiska 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay men nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Molly oswa dosye akademik pèmanan li.**


TRADIKSyon



[www.engageny.org/translate](http://www.engageny.org/translate)

NÒT POU  
MOLLY  
ANE SA A

**625**  
NIVO 4



## NIVO PÈFÒMANS

### NIVO 4

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a maton anpil nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 3

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a konpetan nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 2

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a konpetan an pati nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 1

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a pa konpetan menm nan estanda yo pou klas yo ye a.

## MOLLY NAN NIVO ESTANDA ETA A

Pandan w ap gade rezilta pitit ou a pou Egzamen Lang ak Literati Anglè pou ane 2021 an, tanpri sonje chanjman ki te fèt nan egzamen ane sa a akoz pandemi COVID-19 la. Pou egzamen prentan 2021 an, yo te egzije pou lekòl yo bay Sesyon 1 an sèlman, ki gen kesyon chwa miltip sèlman ladan. **Se sesyon sa a sèlman ki te kontribye nan nòt total elèv la ki parèt sou Relvenòt sa a.**

Epitou, pou prentan 2021 sèlman, yo te itilize anpil nan pasaj lekti ak kesyon egzamen ki te nan Sesyon 1 an deja nan egzamen yon lòt ane anvan sa e yo te pibliye yo deja sou sit entènèt Depatman an nan objektif pedagojik. Poutèt sa, gen bon chans pwofesè yo te itilize kèk nan pasaj lekti ak kesyon egzamen sa yo nan egzamen blan pou elèv yo anvan Egzamen ELA pou ane 2021 an.

Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa a, estanda Eta Nouyòk yo, ak jan ou kapab ede Molly, ale sou: [www.engageny.org/parent-and-family-resources](http://www.engageny.org/parent-and-family-resources)